

Delaware WIC Program

5081 3200 1234 5678

UTILIZE Kat eWIC ou an

Kat eWIC Ou an

Kat eWIC la se yon fason san danje epi pratik pou itilize avantaj WIC ou yo.

Ou pral sèvi ak kat eWIC ou a pou achte pwodui alimantè WIC apwouve nan boutik WIC otorize yo.

Yo pral mete Avantaj Alimantè pou chak patisipan WIC yo sou yon kont fanmi sou yon kat eWIC. Chak mwa, y ap depoze avantaj alimantè fanmi w yon fason otomatik sou kont WIC ou a.

Chak fwa ou achte yon pwodui alimantè WIC apwouve, y ap retire atik sa a sou kont avantaj ou an. Achte sa w bezwen. Ou pa oblije achte tout pwodui alimantè ou an menm tan.

Ekonomize kat eWIC ou an! W ap achte pwochen avantaj ou yo ak menm kat la chak mwa.



Pran swen kat eWIC ou a

Toujou

- Kenbe kat ou a an sekirite epi pwòp.
- Kenbe kat ou a lwen atik tankou leman, telefòn selilè, televizyon, ak maykovev.

Pa

- Ekri PIN ou sou kat ou a.
- Kenbe PIN ou nan valiz ou oswa nan bous ou.
- Bay nenpòt moun ou pa vle sèvi ak kat ou a PIN ou an.
- Pliye kat ou a.
- Mete kat ou a nan limyè solèy la dirèkteman, tankou sou dach yon machin.



Acha Pwodui Alimantè WIC Ou yo

Verifye balans kont ou anvan ou achte. Gen 2 fason ou kapab fè sa.

1

Si gen yon machin Pwendeavant (Point of Sale, POS) eWIC nan magazen an, ou ka glise kat ou a epi antre PIN ou pou jwenn balans ou.

2

Kontakte sèvis kliyan eWIC la lè w rele 1-877-289-8208 oswa ale sou www.ebtedge.com.



Sou Kès lan

- Toujou itilize kat eWIC ou a anvan nenpòt lòt fòm peman (SNAP, kat kredi, kat debi, elatriye).
- Glise kat eWIC ou nan machin pwen lavant lan (Point of Sale, POS) oswa remèt kat eWIC ou a bay kesye a.
- Antre PIN ou a epi peze bouton "enter" (antre) a sou klavye a.
- Y ap retire kantite pwodui alimantè ki apwouve yo ak kantite lajan an dola pou fwi ak legim ou achte nan avantaj eWIC ou yo.
- Kesye a ap ba ou yon resi ki montre balans avantaj ou rete yo ak dat ekspirasyon avantaj yo.



eWIC Kesyon ak Repons



Kisa yon PIN (Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl) ye?

Se yon nimewo sekrè ki gen kat chif ou pral itilize avèk kat eWIC ou a pou gen aksè ak avantaj alimantè ou yo.

Lè w ap chwazi yon PIN, chwazi kat nimewo ki fasil pou ou sonje men ki difisil pou yon lòt moun konnen (pa egzanp, anivèsè nesans pitit ou oswa paran ou). PA itilize menm chif la, tankou 1111, oswa yon sekans nimewo, tankou 1234, pou PIN ou.

PA bay okenn lòt moun ki pa itilizatè otorize ou deziyen PIN ou. Si yon moun konnen PIN ou an epi sèvi ak kat ou a pou jwenn avantaj alimantè ou san pèmasyon ou, yo p ap ranplase avantaj sa yo.

E si mwen antre move PIN lan?

PA eseye devine PIN ou an. Si yo pa antre PIN kòrèk la nan katrityèm esè youn dèyè lòt la, PIN ou an ap bloke. Sa a sèvi kòm yon pwoteksyon kont yon moun ki ap rantre fo PIN pou l resevwa avantaj alimantè ou a. Ou pral oblije rete tann jis apre 12:00 minwi pou kont ou a debloke pou eseye ankò.

Kisa mwen ta dwe fè si yon moun jwenn PIN mwen an?

Si yon moun ki pa ta dwe gen PIN ou an aprann li, imedyatman rele Sèvis Kliyan an nan 1-877-289-8208 oswa ale sou www.ebtedge.com api chanje PIN ou an.

E si mwen bliye PIN mwen an?

Rele klinik WIC lokal ou a:
Konte New Castle: 302-283-7540
Konte Kent ak Sussex: 302-424-7220

Kisa mwen dwe fè si kat mwen an pèdi oswa si yo vòlè li?

Rele klinik WIC lokal ou a:
Konte New Castle
Hudson: (302) 605-4066
West End: (302) 605-6653
Northeast/Claymont: (302) 605-4099
Imèl: nccwic@delaware.gov

Konte Kent
(302) 605-1833
(302) 605-4077 (Panyòl)
Imèl: kentwic@delaware.gov

Konte Sussex
(302) 605-4055
(302) 605-4077 (Panyòl)
Imèl: sussexwic@delaware.gov

Kilè mwen ap jwenn avantaj mwen an?

Avantaj yo ap sou kont alimantè ou a vè 12:00 minwi nan dat kòmansman an epi y ap ekspire vè 12:00 minwi nan dat fen a.

Kòman m ap fè konnen balans kont alimantè mwen an?

Resi chak acha montre balans lan, kidonk fason ki pi fasil pou konnen balans kont ou an se kenbe resi w la. Si ou pa gen dènye resi w la, pou jwenn balans ou rele Sèvis Kliyan an nan 1-877-289-8208 oswa ale sou www.ebtedge.com. Ou dwe toujou verifye kantite pwodui alimantè ki apwouve ki rete anvan ou achte.

E si kat mwen an pa vle mache?

Rele klinik WIC lokal ou a:
Konte New Castle: 302-283-7540
Konte Kent ak Sussex: 302-424-7220



DELAWARE HEALTH AND SOCIAL SERVICES
Division of Public Health
WIC Program

Enstitisyon sa a se yon founisè sèvis ki garanti opòtinite ki egal.